

SAINT ELIZABETH OF HUNGARY

CATHOLIC CHURCH

Chè Kominote Sent Elizabèt,

Mwen vle di nou, mwen sonje nou anpil. Mwen sonje ti pawòl nou konn pataje lè nou fin selebre mès ansanm. Mwen swete e mwen priye lèt sa va rive jwenn ou avèk fanmiy ou nan bon sante, nan moman difisil sa n'ap andire avèk viris korona. M'ap tann jou nou ka rasanble ansanm ankò pou'n selebre mès epi reprann tout aktivite pawas nou an. Men nan moman sa'a nou konnen fòk nou rete pridan epi fòk nou suiv ansèyman leta yo avèk otorite Legliz la pou viris la pa kontinye gaye.

Malgre tout mès yo kanpe, mwen asire nou mwen menm avèk Pè Fenly selebre mès pou nou chak jou. Nan moman sa kote nou separe fizikman, mwen envite pou nou rete kole nan lapriyè. Mwen mande pou yonn kenbe lòt nan lapriyè. Achevèk Wenski envite nou pou nou jwenn ansanm avèk li pou lapriyè pou pwoteksyon kont viris sa'a.

*O Mary, you always brighten our path as a sign of salvation and of hope.
We entrust ourselves to you, Health of the Sick, who, at the Cross, took part in Jesus/
pain while remaining steadfast in faith.*

*O loving Mother, you know what we need, and are confident you will
provide for us as at Cana in Galilee.*

*Intercede for us with your Son Jesus, the Divine Physician, for those who have fallen
ill, for those who are vulnerable, and for those who have died.*

*Intercede also for those charged with protecting the health and safety of others
and for those who are tending to the sick and seeking a cure.*

*Help us, O Mother of Divine Love, to conform to the will of the Father
and to do as we are told by Jesus, who took upon himself our sufferings and carried
our sorrows, so as to lead us, through the Cross,
to the glory of the Resurrection.*

Amen.

Vrèman, nap viv yon moman difisil. Fòk nou chak pran responsabilite nou pou'n fè pridans pou tèt nou ak lòt yo. M'ap kenbe nou nan lapriyè. Pou plis enfòmasyon pa ezite rele nou nan biro Legliz la nan 954 941 8117 oubyen voye yon mesaj elektronik pou nou nan: stelizabeth@bellsouth.net. N'ap fè sa nou kapab pou nou asiste nou.

Se pou Bondye beni nou,

Fr. Harry Loubriel, Pastor